

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda mangrupa basa nu dipaké ku masarakat Sunda ogé jadi mata pelajaran dina sababaraha tingkatan sakola. Salasahijina nyaéta *Sekolah Menengah Atas* atawa SMA. Basa miboga peranan penting pikeun kamekaran intéléktual, émosional, jeung sosial. Pangajaran basa dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa boh lisan ogé tulisan sarta bisa mekarkeun kamampuh analitis jeung imajinasi nu aya dina dirina sorangan.

Mata pelajaran basa Sunda ngawengku komponén ngaregepkeun, maca, nyarita jeung nulis. Opat aspék éta kudu dimekarkeun ku guru ngaliwatan pangajaran basa Sunda. Nulis mangrupa kamampuh dina salasahiji komponén keterampilan basa anu miboga kalungguhan paling penting ogé kudu dicangking siswa lantaran keterampilan nulis mangrupa keterampilan anu produktif atawa ngahasilkeun hiji karya.

Nulis nyaéta kagiatan nu sipatna berkelanjutan nu ngabalukarkeun pangajaranna ogé kudu dimimitian ti sakola dasar. Pamikiran éta didasaran yén nulis mangrupa hiji hal dasar nu kudu dipiboga pikeun modal bisa diajar kana tingkatan nu leuwih luhur. Kukituna, pangajaran nulis di sakola dasar kudu diperhitungeun sangkan bisa nyumponan target kamampuh nulis nu dipiharep.

Kamampuh nulis jadi salasahiji bagéan anu penting dina pangajaran, salasahijina nulis téks biantara lantaran ngaliwatan nulis téks biantara siswa lain nganbisa medalkeun naon anu jadi jejer tapi ogé bisa ngalatih siswa kana kecermatan siswa dina ngalarapkeun bagéan-bagéa nu kudu aya dina téks biantara.

Ditilik tina segi kabébasan siswa dina milih basa pikeun ngébrehkeun gagasan, biantara hampir sarua jeung nyarita. Dina kahirupan sapopoé, biantara geus dipikawanoh ku saréréa ogé geus mineng dilakonan ku masarakat umum.

Misalna biantara dina sambutan hiji acara, biantara ngeunaan politik, ceramah-ceramah jst. Jadi biantara kaasup kaparigelan nu penting ogé pikeun kahirupan bermasyarakat.

Dumasar kana isi, biantara miboga struktur bubuka, eusi, jeung panutup. Kukituna, saméméh siswa ngalakukeun prakték biantara, téh kamampuh nulis

biantara téh penting dilaksanakeun pikeun ngalatih siswa sarta ngembangkeun kamampuh atawa kaparigelan siswa dina nulis jeung ngébréhkeun gagasan nu merenah.

Kurikulum 2013 revisi 2017 nétélakeun yén biantara asup kana matéri kelas XI kompetisi dasar na aya 3.1 Menganalisis isi, struktur, dan aspek kebahasaan teks biantara, jeung 4.1 Mendemonstrasikan biantara dengan memperhatikan kesantunan dan penggunaan kaidah bahasa.

KD 3.1 ngawengku matéri pokok 1) Fungsi Sosial (Menumbuhkan sikap saling menghormati sesama). 2) Teks Biantara. 3) Struktur anu eusina aya bubuka (salam bubuka, mukadimah, pangwilujeng ka nu haladir), eusi, jeung panutup (Sandak-sunduk ménta hampura, du'a, salam panutup). 4) Unsur Kabasaan nu eusina aya tatakrama basa, diksi, jeung paduan paragraf.

KD 4.1 Mendemonstrasikan biantara dengan memperhatikan kesantunan dan penggunaan kaidah bahasa nu ngawengku Biantara nu bisa nuwuhkeun perilaku nu aya dina KI.

Materi nulis téks biantara asup kana KD 4.1 dina kurikulum nu disebutkeun di luhur. Dina prakna dilapangan, nulis jadi salasahiji bangbaluh siswa dina proses diajar, lantaran siswa loba nu teu maham kana eusi biantara nu rék ditepikeun, tuluy struktur nu aya dina biantara teu komplit. Salian ti éta, aya ogé nu aspék kesantunan basa jeung aspék kabahasaanna teu merenah boh dina diksi ogé paduan paragraf. Hal-hal éta kapaluruh nalika wawancara ngeunaan biantara ka siswa kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua taun ajar 2022/ 2023.

Dumasar tina data awal éta, aya sababaraha aspék nu aya dina KD teu kahontal ku siswa nu hartina teu nyumponan KKM 60, nyaéta struktur, kesantunan basa jeung unsur kabiasaan nu réalita di lapangan siswa acan nyangking kaparigelan kana téks biantara.

Masalah-masalah ngeunaan pangajaran téks biantara éta bisa ditilik dina média pangajaran teu cocok dilarapkeun ka siswa di sakola ieu nu ngabalukarkeun siswa hésé ngahontal tujuan dina kurikulum. Tangtu guru kudu *inovatif* jeung *kreatif* dina ngalaksanakeun proses diajar dikelas, sabab éta anu mangaruhan kana karesep siswa dina lumangsungna proses diajar.

Salasahiji inovasi nu adaptif kana *modernisasi* ngagunakeun média pangajaran luyu jeung anu umum dipaké kiwari. Nurutkeun Arsyad dina Purnamasari (2017) média dina proses diajar leuwih bisa dihartikeun salaku pakakas grafis, fotografis, atawa éléktronis pikeun nyangkem, ngaproses, jeung nyusun ulang informasi visual atawa vérbal.

Média pangajaran nu luyu kana jaman kiwari salasahijina nyaéta *Google Docs*. Nurutkeun Dharmawan (2015) média *Google Docs* nyaéta média nu paling praktis, éféktif jeung éfisién lantaran miboga sababaraha kaonjolan diantaranya *Realtime Collaboration* atawa bisa dipigawé babarengan sacara langsung dina béda perangkat. Lain ti éta, aya ogé fitur pikeun ninggali riwayat éditna jeung bisa mariksa ejaan sangkan bisa ngaminimalisir ayana salah kecap. Ogé loba fitur-fitur séjen nu luyu jeung kamajuan jaman kiwari.

Salain ti éta, aya ogé nurutkeun Yahya (2010) aya sababaraha kaonjolan *Google Docs* nyaéta gampang dipaké, gratis, nyingkahan leungitna data jalaran rusakna perangkat, bisa nyieun dokumen jadi format *word*, *openoffice*, *RTF*, *HTML*, jrrd. nu mana lantaran ayana fitur ieu, *Google Docs* jadi populer dina dunya pangajaran.

Ku kituna dumasar kana sababaraha tiori di luhur, bisa dicindekkeun yén média pangajaran *Google Docs* miboga kaonjolan nu luyu kana pangajaran kiwari, utamana dina pangajaran nulis nu bakal ngalibatkeun tÉhnologi asup leuwih jero kana dunya pangajaran.

Panalungtikan ngeunaan biantara kungsi dilakonan ku Retno Rumanti (2008) ngeunaan “Kamampuh Nulis Teks Biantara Siswa Kelas X Sma Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2007/2008. S1 Thesis, Universitas Pendidikan Indonesia.

Panalungtikan ngeunaan éféktifitas média pangajaran kungsi dilakonan ku Herdyani (2016) ngeunaan “Média *Photostory* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis warta (Studi Kuasi ékspérimén ka siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)”.

Ogé aya panalungtikan Hikhaiat, Taufan (2015) Modél Pangajaran *Snowball Throwing* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Biantara (Studi Kuasi Ékspérimén Di Kelas X-Bahasa Sma Negeri 10 Bandung Taun Ajar 2014-2015). S1 Thesis, Universitas Pendidikan Indonesia”.

Ahmad Hikami, 2023

MÉDIA GOOGLE DOCS DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS BIANARA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Salian ti éta aya ogé panalungtikan Purnamasari (2017) ngeunaan “Média Gambar Peristiwa Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Warta: Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VIII G Smpn 1 Lembang Taun Ajaran 2016/2017”. Panalungtikan nu geus dilaksanakeun di luhur tangtu béda jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku panalungtik ayeuna.

Nurutkeun panalungtikan Herdiyani (2016), média nu éféktif pikeun pangajaran téks biantara nyaéta média photostory lantaran média photostory ieu ngadumaniskeun kamampuh nulis warta anu dibarengan kreatifitas jeung imajinasi anu ngalantarankeun siswa leuwih gampang maham kana matéri.(Herdyani, 2016)

Sedengkeun nurutkeun Punamasari (2017), média nu éféktif pikeun pangajaran téks biantara nyaéta média gambar peristiwa, lantaran média ieu lantaran bisa méré pangalaman konkrét ka siswa.

Bédana jeung panalungtikan ieu nyaéta média anu digunakeun jeung objék anu jadi sasaran dina panalungtikanna. Panalungtikan ieu dilaksanakeun sangkan nambah pangaweruh ngeunaan média pangajaran utamana *Google Docs* jeung kaayaan kiwari nu geus mulai ayana digitalisasi, ogé pikeun nambahan pangaweruh masarakat Sunda hususna mahasiswa anu reueus kana kasundaan tur teu kagerus ku jaman. Sajaba ti éta, ieu panalungtikan can kungsi dilakukeun ku panalungtik séjén.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan anu judulna “Média *Google Docs* dina Pangajaran Nulis Téks Biantara (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua Kabupaten Bandung Barat Taun Ajaran 2022/2023)” perlu dilaksanakeun pikeun mikanyaho sakumaha dampak anu kapangaruhan tina média *Google Docs* kana matéri pangajaran hususna téks biantara.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang nu di luhur, aya sababaraha idéntifikasi masalah, di antarana:

- a. Kamampuh nulis téks biantara siswa kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua can bisa ngahontal udagan kurikulum, utamana dina KD 4.1.

Ahmad Hikami, 2023

MÉDIA GOOGLE DOCS DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS BIANARA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. Media pangajaran *Google Docs* nu kudu dilarapkeun sangkan nuturkeun kaayaan kiwari.

1.2.2 Rumusan Masalah

Kukituna, nyoko kana idéntifikasi masalah éta, bisa dirumuskeun masalah dina kalimah di handap:

- a. Kumaha kamampuh nulis téks biantara siswa Kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua saméméh ngagunakeun Média *Google Docs*?
- b. Kumaha kamampuh nulis téks biantara siswa Kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua sanggeus ngagunakeun Média *Google Docs*?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis siswa Kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua dina pangajaran nulis téks biantara saméméh jeung sanggeus dilarapkeun Média *Google Docs*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umumna nya éta pikeun nguji naha média *Google Docs* boga pangaruh nalika dilarapkeun kana pangajaran nulis téks biantara.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Pangaruh nulis téks biantara siswa kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua Taun Ajaran 2022/2023 saméméh Média *Google Docs*;
- b. Pangaruh nulis téks biantara siswa kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua Taun Ajaran 2022/2023 sanggeus Média *Google Docs*;sarta
- c. béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biantara siswa Kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua saméméh jeung sanggeus dilarapkeun Média *Google Docs*.

1.4 Manfaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan téh pikeun mekarkeun tiori pangajaran basa Sunda kucara ngagunakeun média pangajaran, nya éta média *Google Docs*. Hasil panalungtikanna, bisa jadi alternatif guru pikeun mekarkeun matéri pangajaran basa Sunda nu ngagunakeun média pangajaran *Google Docs*. Anapon, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina matéri pangajaran téks biantara.

1.4.2 Manfaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan dipedar saperti di handap.

- a. Pikeun siswa, bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis dina pangajaran téks biantara.
- b. Pikeun guru, bisa jadi alternatif dina ngalarapkeun média pangajaran, nya éta média *Google Docs*.
- c. Pikeun nu nalungtik, bisa jadi motivasi sangkan tuluy mekarkeun pangajaran basa Sunda ngagunakeun média-média pangajaran nu ayeuna geus loba rupana salaku inovasi dina ngaronjatkeun minat jeung kaweruh siswa diajar basa Sunda ku ayana digitalisasi.
- d. Pikeun pangajaran basa Sunda, bisa ngaluyukeun parobahan *digitalisasi* sangkan teu kagerus ku jaman.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan ieu dijieun pikeun jadi panalungtikan nu sistematis dina wangun skripsi. Wincikan skripsi ieu diruntuykeun di handap.

BAB I Bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan tiori nu ngawengku tiori ngeunaan média pangajaran *Google Docs*, kaparigelan nulis biantara, média *Google Docs* dina pangajaran nulis biantara, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis

BAB III Méthode panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, prosedur/ alur panalungtikan, Instrumen panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, téknik analisis data.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung pedaran nu baris diguar ngeunaan kamampuh nulis biantara siswa kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua taun ajar 2022/2023 saméméh, sanggeus, jeung bédana ngagunakeun média *Google Docs*, ogé aya uji sifat data, uji hipotésis, jeung pedaran.

BAB V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi tina hasil ieu panalungtikan.